

Kisa Moun Nouyòk Ka Fè pou Limite Pwopagasyon Coronavirus la



Amwenske ou malad grav, piga ale nan Sal Dijans lan oswa nan Klinik Doktè pou pa ekspoze lòt pasyan ak travayè nan domèn swen sante yo. Si w santi w maladi, rete lakay ou epi rele pwofesyonèl swen sante w.



Si w gen sentòm pou plis pase 3 oswa 4 jou, rele 311 pou jwenn konsèy touswit. Si sa nesesè, y ap kontekte w avèk yon klinisyen ki pral ede detèmine si w bezwen tretman oswa si pou yo fè tès pou ou, oswa si w dwe rete lakay ou epi kontinye swiv sentòm ou yo defason pou evite pran kontak ak zòt.



Si gen posibilité ke w ka te an kontak ak yon moun ki malad, gen anpil chans y ap mande w pou izole tèt ou oswa pou pwograme yon lè pou yo fè plis evalyasyon oswa pou yo fè tès pou ou. Pifò ka viris la vin ak sentòm lafyèv ak tous ki lejè ak modere e ou ka jere sentòm sa yo lakay ou.



Rele 911 si w gen difikilte pou w respire oswa si w gen nenpòt lòt sentòm ki mande atansyon medikal touswit.

